

PWOTEKSYON KONSOMATÈ

KONSÈY POU JENN ADILT

KONSÈY RAPID ANVAN

OU ENSKRI NAN YON

PWOGRAM LEKÒL

OSWA YON FÒMASYON

- **Gen edikasyon pou adilt ak opsyon pou fòmasyon pou adilt ki ekonomik ak disponib.** Ale nan nyc.gov oswa rele **311** epi mande enfòmasyon osijè edikasyon pou adilt ak opsyon pou fòmasyon pwofesyonèl ki gratis ak ekonomik.
- **Rechèch.** Chèche nan plizyè lekòl anvan pou ou decide kilès ki bon pou ou. Mande enfòmasyon konsènan pousantaj elèv ki pran diplom yo epi ki fini klas yo, dèt lajan elèv yo prete pou peye etid yo ak si kredi ou ap resevwa yo kapab transfere nan lòt lekòl. Pale ak ansyen elèv ki gen tan fini tout pwogram lan. Mande pou yo montre ou yon lis anplwayè ki anboche elèv diplome yo epi rele biznis sa yo pou mande sa yo panse de lekòl la. Pa bliye: si yon lekòl oswa yon pwogram fòmasyon fè pwomès ki pa reyalis, pa pran nan pyèj la.
- **Evite tout lekòl ki pa akredite.** Sèten lekòl ap louvri ilegalman. Si ou frekante yon lekòl ki pa akredite, ou pa kapab fè egzamen pou pran lisans ou nan anpil domèn tankou syans enfimyè. Rele Depatman Edikasyon Eta New York nan (212) 643-4760 oswa nan (518) 474-3969 pou tcheke si yon lekòl pwofesyonèl oswa komèsyal akredite.
- **Pa enskri menm jou ou vizite yon lekòl.** Anvan ou enskri, ou dwe konprann konbyen lajan pwogram lan pral koute epi kijan ou pral peye pou li. Pa pran desizyon enpòtan konsa touswit!
- **Pa janm siyen anyen ou pa konprann.** Si yon lekòl ap mete presyon sou ou pou ou siyen yon kontra oswa yon konvansyon touswit, vire do ou ale. Ou gen dwa pote lakay ou dokiman fòm enpòtan pou ou pran san ou pou li yo epi analize yo ak moun ou gen konfyans.
- **Mande yon kopi politik anilasyon lajan etid lekòl la alekri.** Politik la ta dwe dekri kijan yo pral ranbouse ou si ou bezwen anile oubyen retire tèt ou. Sepandan, apre ou fin enskri, li gendwa difisil pou yo ba ou lajan ou deja peye.
- **Fè atansyon pou pa pran twòp dèt.** Sèten lekòl voye bòdwo pou plizyè dizèn milye dola. Souvan, “asistans finansyè” ki disponib se pa lajan gratis li ye, men se prè ou dwe reapeye—avèk enterè. Prè lajan pou etid dire anpil tan, epi pa gen limit sou konbyen lajan ou kapab prete. Prè lajan gendwa bese kot kredi ou an. Asire ou ou konprann kondisyon yo epi gade byen si ou ap kapab fè peman yo.

ENPÒTAN

Si ou bezwen prete lajan pou lekòl, toujou konsidere pwogram asistans federal an premye anvan ou mande pretè prive yo prete ou lajan. Ranpli Aplikasyon Gratis pou Asistans Federal pou Etidyan (Free Application for Federal Student Aid – FAFSA).

- **Evite lekòl ki “garanti yon djòb” apre ou pran diplom ou.** Yon lekòl pa ka garanti ou ap jwenn yon djòb lè ou pran diplòm ou an. Souvan, lekòl ki fè kalite pwomès sa yo pa janm plase ou vreman nan yon djòb.

- **Ou gen dwa pote plent.** Rele 311 pou pote plent kont yon lekòl edikasyon twazyèm sikl.

FÈ ATANSYON...

Eskwokri “Alèjman dèt” Prè pou Etid

Volè yo eseye pran avantaj elèv yo; yo pwomèt yo pral radye dèt yo grasa pwogram federal ki pa egziste epi yo faktire elèv yo kokennchenn lajan anvan yo bay sèvis ki disponib gratis.

ASISTANS GRATIS

Chèche jwenn konsèy pwofesyonèl finansye gratis nan Sant Otonomizasyon Finansye Vil Nouyòk (NYC Financial Empowerment Center). Konseye yo gendwa ede ou kreye yon bidjè, redwi dèt ou, negosye ak kreditè nou yo, konprann rapò kredi ou an, amelyore kot kredi ou, ak lòt bagay toujou. Rele 311 pou pwograme yon randevou ki pa twò lwen ou oswa al gade nan nyc.gov/consumers pou jwenn plis enfòmasyon.

Chèche jwenn yon kopi rapò kredi ou epi gade li byen.

Ale nan annualcreditreport.com oswa rele gratis nan 1-877-322-8228.

LÒT RESOUS

Biwo Pwoteksyon Finansye Konsomatè (**Consumer Financial Protection Bureau – CFPB**) gen zouti ak resous pou ede ou pran bonjan desizyon finansye pou peye pou kolèj. Ale nan consumerfinance.gov.

Asistans Federal pou Etidyan (Federal Student Aid), yon sèvis nan Depatman Edikasyon Etazini, se pi gwo founisè asistans finansye nan peyi a. Ale nan studentaid.ed.gov/sa pou jwenn enfòmasyon konsènan FAFSA.

LI KONSÈY RAPID DCA SOU PRÈ POU ETID (“QUICK TIPS ABOUT STUDENT LOANS”).

Osijè Konsèy Rapid sou Pwoteksyon Konsomatè pou Jenn Adilt

Jenn adilt konfwonte ak difikilte toulejou antanke konsomatè. Depatman Zafè Konsomatè (DCA) te kreye yon seri fèy ak konsèy ou edike tout jenn moun osijè dwa yo genyen ak fason desizyon yo pran sou fason pou depanse lajan yo gendwa enpakte lavni yo.



Bill de Blasio
Mayor

Consumer
Affairs

Lorelei Salas
Commissioner

Department of
Education

Carmen Fariña
Chancellor